

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung pedaran dina ieu panalungtikan, nu ngawengku janggélék katut prak-prakan kasenian calung tarawangsa, ajén falsafah nu nyampak sarta larapna ieu kasenian pikeun jadi bahan pangajaran artikel maca di SMA kelas XII. Tiori nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta 1) tiori unsur budaya nurutkeun Koentjaraningrat; 2) ajén falsafah seni nurutkeun Jakob Sumardjo; jeung 3) tiori ngeunaan kritéria milih bahan ajar anu dipertélakeun ku Nasution. Méthode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta méthode deskriptif analisis kalawan pamarekan kualitatif.

Tina ieu panalungtikan, bisa dicindekkeun yén kasenian calung tarawangsa mangrupa hiji kasenian nu jadi ciri has Desa Parung Kecamatan Cibalong Kabupaten Tasikmalaya. Nu mimitina ieu kasenian ngan ngagunakeun hiji waditra nyaéta Tarawangsa nu miboga maksud jeung tujuan pikeun ngahormat jeung syukuran ka Dewi Sri atawa Dewi Paré nu geus maparin hasil panén kalawan mucekil. Dina hiji mangsa nu dilantarankeun pangaruh tina kamajuan jaman, ieu kasenian dimodifikasi ku cara nambahan waditra nu ditabeuhna nyaéta nambahan calung rénténg, kacapi, jeung suling sangkan bisa leuwih ngirut ka masarakat pikeun tuluy lalajo jeung mertahankeun ieu kasenian.

Ieu kasenian dipidangkeun di tempat gumantung pamundut ti masarakat nu nabeuhna boh di jero rohangan boh di luar rohangan. Jadi euweuh tempat husus pikeun nabeuh ieu kasenian. Ngan kasenian calung tarawangsa dipahing ditabeuh dina malem senén jeung malem rébo, éta hal geus jadi pantrangan sarta kabiasaan ti saacanna. Upama éta pantrangan direumpak tangtuna bakal aya résiko nu karandapan boh ka pamaén boh ka nu nanggapna. Lantaran kasenian calung tarawangsa mangrupa kasenian buhun, ku kituna loba kénéh masarakat nu boga kapercayaan yén ieu kasenian ngandung unsur *metafisika* contona loba kénéh masarakat nu nanggap ieu kasenian jadi salasahiji tarékah pikeun nyageurkeun panyakit.

Prak-parakan tina ieu kasenian dimimitian ku nataharkeun sakabéh aspék nu kudu disiapkeun. Saperti waditra, raksukan, jeung sasajén. Ilaharna prosés tatahar ngabutuhkeun waktu 1-2 jam. Sabada éta dituluykeun ku ngarajah pikeun sanduk-sanduk ka Gusti tur ka karuhun sangkan ieu pintonan bisa lumangsung kalawan lancar ti mimiti nepi ka ahir. Tuluy para pamaén ngamimitian nabeuh éta kasenian, nu dimimitian ku kawih salancar minangka lagu bubuka, geus kitu ngahaleuangkeun kawih ayun, diteruskeun ku kawih manuk héjo, tuluy kawih cipinangan (ngaleuseuhan), nu pamungkas kawih mulang minangka lagu panutup. Sabada ngahaleuangkeun éta kawih nu nandakeun yén éta kasenian geus bérés dilaksanakeun. Ilaharna sabada mintonkeun éta kasenian, para pamaén sok dihaturanan pikeun nuang katuangan nu tos disayogikeun ku pamundut. Sanggeus kitu sok dituluykeun ku ngawangkong nepi ka subuhnakeun.

Ieu kasenian kawilang kasenian nu beunghar ku ajén falsafah. Ajén falsafah nurutkeun tiori Jakob Sumardjo ngawengku wangun seni, nu nyiptakeun seni, publik seni, jeung ajén seni, pangalaman seni,, jeung kontéks seni. Anapon kasenian calung tarawangsa kaasup kana wangun seni audio, visual, jeung audio-visual lantaran ieu kasenian ngaluarkeun sora tina waditra nu ditabeuh jeung kawih nu dihaleuangkeun sarta kasenian calung tarawangsa bisa katempo wujud tina waditra jeung pamaénna. Nu nyiptakeun ieu kasenian nyaéta Bapa Suhali (Alm) nu harita ngajabat salaku Kepala Desa Parung. Ieu kasenian bisa ngirut masarakat sangkan lalajo, ieu hal disebut publik seni. Anapon ajén seni nu bisa dititén tina pakakas nu digunakeun nyaéta sasajén, raksukan nu digunakeun, waditra nu ditabeuh, jeung rumpaka kawih nu dihaleuangkeun. Tina sakabéh aspék nu ditémbongkeun tina ieu kasenian, bisa dicindekkeun yén kasenian calung tarawangsa ngandung ma'na nu sakitu jeronan ngeunaan hubungan manusa jeung pangéran, hubungan manusa jeung sasama, sarta hubungan manusa jeung alam. Satuluyna aya éstétika tina calung tarawangsa nu digambarkeun ngaliwatan papakéan nu digunakeun, kaéndahan tina harmonisasi musik jeung kawih nu dihaleuangkeunana. Kasenian calung tarawangsa kaasup kana kasenian nu logis atawa asup akal lantaran ieu kasenian ngandung ajén pragmatis nu dibawa tina kahirupan sapopoé manusa dijaman baheula. Boh dina pakakas nu digunakeun ngandung ma'na nu jero nu bisa dipakaitkeun jeung kabiasaan-kabiasaan nu dilakukeun ku manusa.

5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi anu dipedar saméméhna, implikasi tina ieu panalungtikan diantarana pikeun pamaréntah, pikeun ngeuyeuban ngamumulé, ngadokuméntasi sarta ngapublikasikeun ieu kasenian sangkan masarakat umum wanoh. Pikeun masarakat umum, ieu panalungtikan bisa jadi wadah atawa sarana informasi sarta média pikeun ngawanohkeun kasenian calung tarawangsa ka masarakat boh ngaliwatan média sosial atawa sacara langsung. Pikeun pangajaran, ieu panalungtikan hususna objék anu ditalungtik, bisa jadi bahan ajar dina materi ajar maca artikel budaya pikeun nambahan wawasan jeung pangaweruh intelektual.

5.3 Rékoméndasi

Sabada ngalaksanakeun panalungtikan ngeunaan kasenian calung tarawangsa di Kampung Cigelap Desa Parung Kacamatan Cibalong Kabupaten Tasikmalaya, aya sababaraha hal nu jadi bahan rékoméndasi, nyaéta (1) pikeun mahasiswa dipiharep bisa ngalaksanakeun deui panalungtikan ngeunaan kasenian calung tarawangsa sacara leuwih teleb; (2) pikeun guru, dipiharep bisa tuluy narékahan pikeun ngawanohkeun deui kabudayaan hususna kasenian nu aya di tatar Sunda ka peserta didik ngaliwatan materi ajar maca artikel; (3) pikeun lembaga pemerintahan hususna dina widang pariwisata, pendidikan jeung kabudayaan, dipiharep tina ieu panalungtikan bisa leuwih maliré kana kasenian-kasenian nu aya di Kabupaten Tasikmalaya sangkan bisa leuwih dipikawanoh ku masarakat luar, sarta bisa leuwih giat ngadokuméntasi jeung ngapublikasikeun kasenian sangkan bisa jadi daya pangirut pikeun masarakat luar; jeung (4) pikeun masarakat umum, dipiharep bisa tuluy mertahankeun, mekarkeun jeung mikanyaah kana kasenian-kasenian tradisional nu aya disabudeureunana sangkan teu kalindih ku budaya deungeun nu dipangaruhan ku ayana kamekaran jaman.